**НОХЧИЙЧОЬНАН ДЕШАРАН А, IИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО**

Республикански олимпиада

________________________________ кIоштан

________________________________ йуккъерчу школин (гимназин, лицейн)

_________ классан дешархочун

__________________________________________________________________

дешархочун ф. цI. ден цIе.

нохчийн литературин олимпиадни болх.

**2020-2021 деш.шо.**

**Нохчийн литература – 11 класс**

**1. <u>Леррина дIайеша говзар</u>**

## Со маца хилла-те ирсе

Со маца хилла-те ирсе,
Мосазза кхаьчна соь ирс?
ТIехтили къоналлин аьхке,
Коьрта тIехь – гуьйренан йис.

Со маца хилла-те ирсе,
Кхолламо баьккхина кхаж.
Ца лоьруш халонан ирхе,
Бахна сан синхаам кIаж.

Со маца хилла-те ирсе?
Цуьнан чот цхьаммо а йой?
Цхьаьнгара даьккхича къовсий
Цо дагна йовхо а лой?

Со маца, мосазза хилла,
Ирс долуш, со хууш вац.
Ирс дайча декъаза хилла…
И де со дицлуш а вац.

Со маца хилла-те ирсе,
Мосазза кхаьчна соь ирс?
ТIехтили къоналлин аьхке,
Коьрта тIехь – гуьйренан йис.

(Сайдуллаев Хьасан)

**Лахахь долчу тIедахкарех пайда а оьцуш, анализ йе кху говзарна.**
**(анализ йозучу текстаца йан йеза –** создать цельный, связный, объединённый общим замыслом аналитический текст).

1. **Говзаран авторх лаций йазде.**
2. **Говзаран литературин тайпа билгалдаккха.**
3. **Говзаран жанр билгалйаккха.**
4. **Маса стихах лаьтта хIара говзар?**

5. **ХIора стихан дешдакъойн барам билгалбаккха.**
6. **Маса строфа йу кху говзарехь?**
7. **Стихан барам (стопа) билгалбаккха.**
8. **Говзаран стихийн рифмех дийца.**
9. **Говзаран тема къастайе.**
10. **Говзаран коьрта идея хIун йу?**
11. **Билгалбаха говзарера меттан суртхIотторан гIирсаш.**
12. **ХIун синхаамаш кхуллу кху говзаро?**
13. **Хьуна хетарехь, хила йиш йуй ирсе кхиверг дакъаза а воккхуш? Хьайна хетарг тIечIагIде.**
14. **ЖамI.**

**I.**

## II. «Маца хуьлу адам ирсе?» темина сочинени йазйе.

*Билгалдаккхар: сочиненин дӀахӀоттам (4 абзац) - дӀадолор, аргументаш, жамӀ.*